



Pou Piblikasyon Imedya: 10/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TÈS MACHIN OTONÒM YO PRAL KÒMANSE NAN ETA NEW YORK

Lapolis Eta ak Depatman Sikilasyon (Department of Motor Vehicles, DMV) pral Asire Sekirite Tès yo sou Wout New York

Aplikasyon pou Tès Machin Otonòm yo Disponib [Isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse kounye a New York ap aksepte aplikasyon nan men konpayi ki enterese teste oswa fè demonstrasyon machin otonòm sou wout piblik. Gen yon nouvo lwa nan Bidjè ane fiskal 2018 la ki pèmèt pou fè tès teknoloji otonòm atravè yon pwogram pilòt ki dire ennan. Anplis lwa sa a, nouvo pwosesis aplikasyon Depatman Sikilasyon an se yon lòt etap pou pouse New York pi devan, pou li vin episant teknoloji ak inovasyon dènye kri.

“New York pwouve li se youn nan pi gwo tekno-pòl peyi a nan zafè inovasyon. N ap envite konpayi ak antreprenè yo re-imaginer teknoloji transpò a, e n ap ankouraje devlopman mwayen transpò ki nouvo e ki an sekirite pou moun New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Lè nou poze aksyon sa a, nou pran yon apwòch ki toutalafwa atansyon e balanse pou enkòpore machin otonòm sou wout nou yo e diminye abitid ki danjere dèyè volan, redwi kantite aksidan ki fèt e sove lavi moun ki sou wout New York.”

N ap atann aplikasyon ki soti nan men manifaktirè “teknoloji machin otonòm,” oswa konpayi k ap kreye teknoloji sa yo e k ap travay an konjonksyon avèk manifaktirè yo. Tout machin yo pral gen pou konfòme yo avèk estanda sekirite federal yo, e tout estanda enspeksyon Eta New York ki aplikab. Yon moun ki gen yon lisans chofè ki valab dwe chita dèyè volan an pandan tout tan machin nan ap woule sou gran wout piblik yo. Tout machin yo pral itilize yo dwe fè pati lis ki sou aplikasyon an, e dwe gen yon kontra asirans \$5 milyon ki an plas pou nenpòt ki machin y ap teste jou sa a.

Pami lòt bagay, konpayi yo dwe soumèt tou yon rapò sou demonstrasyon oswa tès ki fèt dapre yon pèmi DMV, bay Manm Komisyon Sikilasyon an opita 1^{ye} Mas 2018. Lwa ki pèmèt demonstrasyon oswa tès yo ap ekspire 1^{ye} Avril 2018. Kondisyon tès la ak aplikasyon an disponib [isit la](#).

Komisyonè Adjwen Egzekitif DMV, Terri Egan, te di, “Nou konnen gen yon jou k ap vini kote machin pral woule poukont yo, e se va yon bagay nòmal. Men an reyalyte, wout la long anpil anvan nou rive la. Nou dwe asire yo teste machin sa yo san danje sou wout nou yo, e nou dwe bay piblik la opòtinite pou vin abitye avèk teknoloji sa a. Sa a se yon apwòch balanse ki sou menm lanse avèk aksan New York gen lontan l ap mete sou sekirite otowout yo, epi sou inovasyon.”

Sipè-entandan Lapolis Eta New York George P. Beach II te deklare: “Lapolis Eta bat bravo pou nenpòt ki teknoloji ki nouvo e avanse, si y ap amelyore sekirite wout nou yo epitou redwi aksidan, blesi ak lanmò. Nenpòt ki nouvo teknoloji, menm lè li inovatè, mande pou yo teste yo e evalye yo yon fason ki apwopriye, Lapolis Eta pral fè dilijans pou kontwole pwosesis sa a e asire efikasite li.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418